# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

पूर्व प्रधानमंत्री डॉक्टर मनमोहन सिंह के आजु नई दिल्ली के निगम बोध घाट पर पुरहर राजकीय सम्मान के साथे अन्तिम बिदाई दीहल गइल। सिखग्रन्थी अउर डॉक्टर मनमोहन सिंह के परिवार क लोगि गुरबानी क पाठ कइलें। उन्हें तोप क सलामी दीहल गइल। गार्ड ऑफ आनर के बाद राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह, अमित शाह जगत प्रकाश नड्डा अउर लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला उन्हें सरधांजलि दिहलें। एकरे अलावा कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे, सोनिया गांधी आ राहुल गांधी के सथहीं कांग्रेस क कई गो नेता उन्हें अन्तिम बिदाई दिहलें। थल सेना प्रमुख जनरल उपेन्द्र द्विवेदी, नौ सेना प्रमुख दिनेश के त्रिपाठी, वायु सेना प्रमुख अमरप्रीत सिंह, भूटान नरेश जिगमें खेसर नामग्याल वांगचुक आ मारिसस क बिदेस मंत्री धनंजय राम फलो पुष्पांजलि चढ़वलें। प्रदेस के कई जिला में पूर्व प्रधानमंत्री के सरधांजलि दीहल गइल। उनकर बियफे के नई दिल्ली में सरगबास हो गइल रहे। उहां के बानबे बरिस क रहलीं।

**********

केन्द्रीय गृह मंत्रालय कहले हौ कि सरकार पूर्व प्रधानमंत्री डॉक्टर मनमोहन सिंह के स्मारक बदे जगहि देई। मंत्रालय कहले हवे कि येह बारे में कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खडगे क अनुरोध मिलल हौ। मंत्रालय कहलस कि मंत्रिमण्डल के बइठकी के जुरते बाद गृह मंत्री अमित शाह, श्री खडगे अउर डॉक्टर मनमोहन सिंह क परिवार के एकर जनकारी दिहले हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पनरह जिला में चलावल जा रहल सौ दिन क सघन टीबी उन्मूलन अभियान के सज्जो जिला में चलवले क निरदेस दिहले हवें। अभियान से जुड़ल सासन क सीनियर अधिकारी, सज्जो जिलाधिकारी आ अउरियो अधिकारियन के साथ काल्हि एगो वर्चुअल बइठकी में उहां के येह अभियान क समीक्षा कइलीं। मुख्यमंत्री टीबी उन्मूलन कार्यक्रम के आगे बढ़ावे बदे कोविड प्रबंधन मॉडल के अपनावे पर जोर दिहलें।

ओहर, गोरखपुर क मुख्य विकास अधिकारी संजय कुमार मीना क अध्यक्षता में सुक्क के संझा जिला स्वास्थ्य समिति के बइठकी में निरदेस दिहलें कि हर एक लाख के अबादी पर कम से कम दुइ हजार सम्भावित मरीजन क जांचि जरूर कइल जाय। ओहीं, कुशीनगर जिला क मुख्य विकसा अधिकारी गुंजन द्विवेदी निक्षय मित्र के तौर पर अपने ओरि से गोद लिहल गइल मरीज के आजु लगतारे दुसरकी बेरि पोसण पोटल दिहलिनि अउर हालचाल लिहलिनि।

**********

राम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्रा कहले हवें कि मंदिर निरमाण क प्रगति पहिले से बढ़ियां भइल हौ। आजु संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के ओम्मेद जतवलीं कि दुइ हजार पचीस ले परकोटा क काम पूरा कइ लिहल जाई।

***अब तक जो कल देखा उसमें जो परकोटा है। जिसमें लगभग आठ लाख चालीस हजार क्यूबीक फीट पत्थर लगने हैं। उसमे अब लगभग तीन लाख क्यूबीक फीट अवशेष रह गया है। यह प्रगति निश्चित रूप से पहले से अच्छी हुई है और इससे आशा जागी है कि हम जून दो हजार पच्चीस तक परकोटा जो लगभग एक किलो मीटर आप जानते ही हैं। उसमें छह मंदिर हैं उसे हम लोग पूर्ण कर सकेंगें।***

**********

अजोध्या में चउदह जनौरी के बाद से डबल डेकर बस चलावल जाई। सरधालु येह बस से अजोध्या घूमि सकिहें। प्रदेस क परिवहन मंत्री दयाशंकर सिंह आजु ई जनकारी देत कहलें कि महाकुंभ में प्रयागराज के साथे–साथे सरधालु अजोध्यो पहुंचे लें, एके देखत जिला में अउरियो बस क इंतिजाम कइल जाई।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम में लोगिन से आपन बिचार साझा करिहें। ई मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ सतरहवीं कड़ी होई। एकर प्रसारण आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के सज्जो नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार वेबसाइट अउर न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर कइल जाई। एहके आकाशवाणी समाचार, डीडी न्यूज, पीएमओ अउर सूचना प्रसारण मंत्रालय के यूट्यूट चैनलो पर सोझै प्रसारित कइल जाई।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, मऊ अउर बलरामपुर के सथहीं आसपास के जिलन में आजु दिन भर बदरी छवले रहल अउर रूकि–रूकि के बुन्नियों परल। एहसे लोगिन के ठंड क एहसास भइल। ओहीं, पच्छिमी जिलनों में बरखा के नाते तापमान गिरले से ठंडी बढ़ि गइल। चित्रकूट जिला में बरखा से किसान खुस हवें। एहसे रबी के फसलिनि के फायदा होई। मौसम विज्ञान विभाग अगिला दुइ दिन ले प्रदेस के अलगि–अलगि हिस्सा में घना कुहेसा क चेतावनी दिहले हौ।

**********